Нобэ йокIуэкI сабий зеиншэхэм ядэIэпыкъуным теухуа республикэпсо щIыхьэху

ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

КЪР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКI

АДЫГЕ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

№139 (21.297) ● 2008 гъэм бадзэуэгъуэм (июлым) и 19, щэбэт ● Тхьэмахуэм тхуэ къыдокI ● И уасэр соми 3-щ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

ТОМЧАК Юрий:

Кърикlуэр наlуэу лэжьыгъэ пыухыкlахэр щегъэкlуэкlыпхъэ зэманщ

Къэбэрдей-Балъкъэрым и социально-экономикэ зыужьыныгъэм и лъабжьэр жылагъуэ зэпIэзэрыныгъэ къызэгъэпэ щIыныщ, жылагъуэ шынагъуэншагъэр хъумэныщ. Ар елъытаг, жылагъуэм, властымрэ хабзэхъумэ органхэмрэ зэгъэуIуэу зэрызэдэлажьэм, къыхагъэщащ 2008 гъэм и япэ илъэсныкъуэм кърикIуахэм ятеуцууагъэ КъБР-м щыIэ МВД-м и коллегием иригъэкIуэжа зэIущIэм къыщыпсэлъахэм.

АБЫ ХЭТАЩ КъБР-м и Президент **Къанокъуэ Арсен**, УФ-м и Президентым и полномочнэ лIыкIуэу Ипщэ федеральнэ округым щыIэм и Аппаратым и федеральнэ инспектор нэхъыщхьэу КъБР-м щыIэ **Меркулов Александр**, Парламентым и Унафэщl **Бечелов Ильяс**, Урысейм Щыналъэ щIыналъэмкIэ и федеральнэ Iуэхущапlэм и Управленэу КъБР-м щыIэм и унафэщI **Сердюк Владимир**, КъБР-м и прокурор **Жариков Олег**, УФ-м и Прокуратурэм и следственнэ комитету КъБР-м щыIэм и унафэщI **Устэ Владимир**, КъБР-м и адрей хабзэхъумэ Iэнатlэхэм я лIыкIуэхэр.

ЗэIущIэр иригъэкIуэкIащ Къэрал кIуэцI Iуэхуэхмкlэ министру КъБР-м щыIэ **Томчак Юрий**.

(КIэухыр 2-нэ нап.)

ЩIалэгъуалэ палатэм зэфIагъэкIахэр къепщытэж

КъБР-м и Парламентым деж щыIэ ЩIалэгъуалэ палатэм и зи чэзу зэIущIэм щыхэплащ Iуэхугъуипщым. Абы и лэжьыгъэм хэтащ КъБР-м и Парламентым ЩIэнхабзэмкIэ, спортымкIэ, туризмэмкIэ, щыхуэгъэ хъыбарегъащIэ Iэнатlэхэмкlэ и комитетым и унафэщI Iэпщэ Заур.

ЩIАЛЭГЪУАЛЭ палат эм и унафэщI Бештокъуэ Беслъэн жиIащ псом япэ иригъэщу комиссэр зыхэплъэн хуейр КъБР-м и Президентым, Республикэм и Парламентым Зэрызыхуигъэзащ къыщIэтэ Iуэхугъуэхэр гъэзэщIэным щIалэгъуалэм и зэфIэкIыу хильхьэфынур зэрыарар. ЗэIущIэм щедзэуащ КъэбэрдейБалъкъэрым законхэр кьыдэзыгъэкI и орган нэхъыщхьэр ильэс 70 зэрырикъ уам теухуауэ Iуэхугъуэхэр гъэзэщIа зэрыхьуам.

ЩIалэгъуалэ палатэм хэтхэр тепсэлъыхьащ «Законхэр зэхэлъхьэныкlэ си жэрдэмыр» зэпеуэм зыхуагъахьэзырым и лъэныкъуэкIэ лэжьакIуэ гупхэм зэфIагъэкIахэм, «Нэгъэщlэхэр Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ щIэту Налшык Абхъазым и щIэр зезыхь утыкушхуэм дыгъуасэ республикэпсо пэкIу щрагъэкIуэкIащ.

Ар къызэрагъэпэщащ щIыхун 140-рэ апхуэдэ гугъуехьхэм хэхуауэ щытащ.

Хуэдитlкlэ

Киев щIакхъуэхэм я уасэхэр зэуэ хуэдитlкlэ щыдэуеящ. Иджы щIыхь къызэрыгъэкIэм яшх щIакхъуэр Урысейм и ахъшэхэм тещIыхьауэ сом 15-18 и уасэщ.

Апхуэдэ дыдэу дэуеящ нэхъ щIакхъуэ лъапIэхэм я уасэри. Властхэм зэрыжаIэмкIэ, къэралым ахъшэ хIлъхьэнущ щIакхъуэ пуд щыIэным.

Гуэлым и щIагъыр

Улан-Удэ нагъэсащ «Батиекаф» лIэужьыгъэщIэхэр.

Псы щIагъэр джыным хуащIа а Iэмэпсымэхэр Байкал щагъэунэхунущ. Иджыри кIэс а гуэл телъыджэм и щIагъыр гэмэму джа хьужкъым. Еджагъэшхуэхэм жаIэхэр зэтехуэркъым Байкал кIыхь зэрыпхуэм теухуауэ. Нэхъыбэм хуагъэфащэ щIыр кIыхь зэгуэучу ар кIыхь Iэжауэ. Арщхьэкlэ гуэлым и щэхуэхэр кIэхутэным иджыри зэманыщхуэ текIуэнгви кIыщIэкIынущ.

Мы зэманым усакIуэ щIэрыIуэр урысей литературэмкIэ лекцIхэм кIыщIоджэ США-м и Оклахомэ университетым.

Мы махуэхэм

Бадзэуэгъуэм и 19, щэбэт

♦Бадзэуэгъуэм и 19 - 25-хэм Глазго (Инджылыз) щекIуэкIынущ къагъэщIэрэщIэж энергиемкIэ дунейпсо конгресс.

♦Бадзэуэгъуэм и 19 - 27-хэм Линц (Австрие) щекIуэкIынущ Европэм и сабий театрхэм я «Шекспир» дунейпсо фестиваль.

♦Илъэс 70 и пэкIэ (1938) кIалъхуащ эстрадэмрэ киномрэ я артист, Курджым и щIыхубэ артист Кикабидзе Вахтанг.

♦Илъэси 115-рэ и пэкIэ кIалъхуащ совет усакIуэ Маяковский Владимир (1893 - 1930).

♦Дыгъэр кIыщIэкIынущ сыхьэти 5-рэ дакъикъэ 42-м, къухьэжынущ сыхьэт 20-рэ дакъикъэ 45-м.

♦Махуэм и кIыхьагъщ сыхьэт 15-рэ дакъикъи 3-рэ.

Бадзэуэгъуэм и 20, *тхьэмахуэ*

♦ Колумбием и лъэпкъ гуфIэгъэщ - къэралыр щхьэхуэ щыхьуа махуэщ (1810).

♦Германием щагъэльапIэ антифашист зэщIэхьееныгъэм хэкIуэдахэм я фэеплъыр. 1944 гъэм бадзэуэгъуэм и 20-м дзэ оппозицэм щыщ гупу полковник граф фон Штауффенберг зи пашэр хущIэкъуащ Гитлер езым и хэщIапIэ «Вольфшанце» («Дыгъужьыгъуэ») щIауэкIыхьыну, арщхьэкIэ къайхъулIакIым. Абыхэм я мурадащ Германиер зауэм кIыхьыжу мамырыгъэр зэфIэгъэувэжыным теухуа зэпсэльыбзэхэм щIадзэну. Штауффенбергрэ абы и дэIэпыкъуэгъухэмрэ пальащ, антифашист мини 7-м щIигъур лъэхъуэщхэмрэ концлагерхэмрэ щIадзащ.

♦Дыгъэр кIыщIэкIынущ сыхьэти 5-рэ дакъикъэ 42-м, кIуэкIынущ сыхьэт 20-рэ дакъикъэ 44-м.

♦Махуэм и кIыхьагъщ сыхьэт 15-рэ дакъикъи 2-рэ.

Бадзэуэгъуэм и 21, *блыщкъэ*

♦Бельгие пащтыхьыгъуэм и лъэпкъ гуфIэгъэщ - пащтыхь Леополь Iэзанэм тхьэрыIуэ щита махуэщ (1831).

♦Илъэс 60 и пэкIэ (1948) кIалъхуащ тхаIуэ-сатирик Задорнов Михаил.

♦Дыгъэр кIыщIэкIынущ сыхьэти 5-рэ дакъикъэ 43-м, кIуэкIынущ сыхьэт 20-рэ дакъикъэ 44-м.

♦Махуэм и кIыхьагъщ сыхьэт 15-рэ зы дакъикъэрэ.

Пlанэлэр зыгъэхьэзырар **ШАП Мухьэмэдщ.**

Хабзэ лъэIукъым, Iумахуэ Iуэхутхьэбзэкъым.

«Къэбэрдей-Балъкъэрым щекIуэкI зэхъуэкIыныгъэхэм дрительхьэщ! Терроризмэмрэ экстремизмэмрэ драбийщ!

А кьыхуеджэныгъэм щIэту Налшык Абхъазым и щIэр зезыхь утыкушхуэм дыгъуасэ республикэпсо пэкIу щрагъэкIуэкIащ.

Ар къызэрагъэпэщащ Урысейпсо партхэм я Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ къудамэхэм, республикэм и лъэпкъ-щэнхабзэ центрхэм, мамырыгъэрызбзыдыным телажьэ жылагъуэ организацэхэм.

Пэублэ псалъэкIэ пэкIур къызэIуихащ КъБР-м ЩIалэгъуалэ политикэмрэ жылагъуэ зэгухьныгъэхэмрэ я Iуэхуэхмкlэ и къэрал комитетым и унафэщI Пащты Борис.

Абы япэу псалъэр лъигъэсащ урыс тхьдэмрэ щэнхабзэмрэ я «Вече» обществэм и унафэщI, къэрал органхэм я ветеран Канунников Анатолий.

Ар хэхауэ къытеувыIащ иужьрей илъэсхэм ди республикэм къыщыхъу зэхъуэкIыныгъэ нэрылъагъуэхэр, щIыналъэмкIэ зэрыщыIэм, зыужьыныгъэр къызэтрагъэувыIэн, щIыхуэр ягъэшынэн мурадкIэ террорист хьэгъэщагъэхэр зэралэжьым.

«Терроризмэм гъунапкъи лъэпкъ хэхаи иIэкъым. Ди дежкIэ ар шынагъэщхьэщ. Абы лъэщу дыпэщIэтын папщIэ зым хуэдэу дызэкъуэмыувэу хьэнукъым. Терроризмэр здэщыIэм лажьэншэхэр щыхокIуадэ, псэкупсэ, щэнхабзэ лъапIэныгъэхэр щызэтощах. Абы щIыхуэхэм яку лъагъэмыхьунигъэ щыхьелъхьэ, лъэпкъхэр зэреущт, залымыгъэм зрегъэубгъу. Адэанэхэм солъэIу я бынхэм якIэлъыплъыну, гъэсэныгъэ тэмэм иратыну, зыхэт гупхэр, дэзыхьэхэр зрагъэщIэну. Сыт хуэдэ Iуэхури чэнджэщ. IэмалхэмкIэ зэфIэпхыфынущ. Апхуэдэу щыщIткIэ, щIэх-щIэхыуэр дызэхуэвгъаэз, ди нобэмрэ ди къэкIуэнумрэ куууэ зэпкърыдвгъэх», - къыхигъэщащ абы.

Пэкlум къыщыпсэльащ ветеранхэм я Налшык къалэ Советым и тхьэмадэ Абдултаев Мустэфа, «Зыуэ щыт Урысей» Урысейпсо политикэ партым и щIыналъэ къудамэм и унафэщI Жэрыкъуэ Борис, КПРФ-м и рескомым и бюром хэт Чэлимэт Хьэбас, КъБР-м щэнхабзэмрэ хьыбарегъащIэ Iэнатlэхэмкlэ и министр Тут Заур, Шэрдэж районым и ветеранхэм я советым и тхьэмадэ Чеченов Георгий, Налшык дэт 29-нэ гимназием и Унафэщl Смирновэ Татьянэ, «Урысейм и Аграрнэ партI»-м и щIыналъэ къудамэм и унафэщI, КъБР-м и Парламентым и депутат Мэремыкъуэ Арсен, Налшык къалэм и Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ Ефэнды Джылахъстэм, Абхъазым щыгъуэуа ди щIалэхэм я зэгухьныгъэм и унафэщI Бекъмырзэ Алексей, нэгъэщIэхэри.

Цыкуу хуэдэ зыхэта пэкIум унафэ пыухыкIа къыщащташ.

ХЬЭЖЫКЪАРЭАлик.

Сурэтхэм: **республикэпсо пэкIур щекIуэкIым.** *Гъэзэщ* **КЪАРЕЙ Элинэщ.**

● Гу зылъытапхъэ

Iулъхьэм ебэныным теухуауэ

Республикэм и цыхуэу пщIэ зыхуащIхэ!

ДЫНЫВОЛЪЭIУ къулыкъу зезыхьэ щIыхуэмрэ властым и лIыкIуэхэмрэ я къулыкъур щхьэхуещащIкIэ къыгъэсэбэну, апхуэдэуи Iулъхьэ кьыIахьу, лэжьыгъэ, уголовнэ законодательствэр къызэпаудыфызыщыгъуаз псомкIи хьыбар Коррупцэм ебэныныжкIэ Iэнатlэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым деж щыIэм мыпхуэдэ телефонэхмкIэ къевгъэщIэну: **(8662) 47-17-79, 47-32-56.**

Фэ фызыщыгъуазэр щэху дыдэу щыт Iуэхумэ, КъБР-м и Президентым и Администрацэм и лэжьакIуэхэм зыкъызэрыфащIэ хъуну фи телефоным и номерым фIэкIа зыкъызэрыгъэльагъуэми хъунущ.

Хьыбар къызэрыдэлъэгъащIа псомкIи хабзэхъумэ, кIэлъыплъакIуэ органхэм къэпщытэнгъэхэр ирагъэкIуэкIынущ. ХэIущIыкI фамыщIныжмкIэ щэсIапIэ щыIэщ.

Гуэгу ирагъэхьа иужь

Урысейм икIа сабий 120-р зыхуей хуэдэ, жаIэ мы Iуэхур зэгъэщIэлIа кулыкъущхьэхэм. Ахэр Тыркуэм и Кlимф кlалэмэ и хьэщIэщхэм яущIэзым щIэсщ икIи загъэнсхуэнымкIэ лъэпощхьэпо гуэрм щыIэжкъым.

Фигу къэдгъэкIыжьинщи, Урысейм щыщ сабийхэр Антальэ къалэм кIуат зыгъэпсэухакIуэ, ауэ ахэр зэрыса кхъухьлъатэр диспетчерым игъэтIысын имыдэу Домодедовэ аэропортым къагъэзэжащ, нэгуэщI кхъухьлъатэ ирагъэтIысхьэри аргуэру Тыркуэм яшэжащ. Арщхьэкlэ сабийхэр зыщIэсынкIэ къызэрагъэпэщыну къащыгъупщащ. Пэжщ, пIалъэ дэкIри, ахэр Кимер и хьэщIэщэм ящыщ зым щIагъэтIысхьащ. ГуэгъэшпIэ лейхэр щIагъэувэн хуей хъуащ пшхэм. Щыгъэ зорыкIащи, сабийхэм хъарзынэу загъэнэху.

Абы ещхь къаугъэхэр ильэс къэс кьыщохьу ди гъунэгъу къэралым. Псалъэм и хьэтыкIэ, нэгъабэ ди къэралым и

Хуэдитlкlэ

Бадзэуэгъуэм и 19, *щэбэт*

♦Бадзэуэгъуэм и 19 - 25-хэм Глазго (Инджылыз) щекIуэкIынущ къагъэщIэрэщIэж энергиемкIэ дунейпсо конгресс.

♦Бадзэуэгъуэм и 19 - 27-хэм Линц (Австрие) щекIуэкIынущ Европэм и сабий театрхэм я «Шекспир» дунейпсо фестиваль.

♦Илъэс 70 и пэкIэ (1938) кIалъхуащ эстрадэмрэ киномрэ я артист, Курджым и щIыхубэ артист Кикабидзе Вахтанг.

♦Илъэси 115-рэ и пэкIэ кIалъхуащ совет усакIуэ Маяковский Владимир (1893 - 1930).

♦Дыгъэр кIыщIэкIынущ сыхьэти 5-рэ дакъикъэ 42-м, кIуэкIынущ сыхьэт 20-рэ дакъикъэ 44-м.

♦Махуэм и кIыхьагъщ сыхьэт 15-рэ зы дакъикъэрэ.

Пlанэлэр зыгъэхьэзырар **ШАП Мухьэмэдщ.**

ТЮБЕЕВ Альберт:

Псапащlэ Iуэхум псори жыджэру хэтыну сыщогугъ

Хабзэфlу зэрыуващ, бадзэуэгъуэ мазэм и нужьрей щэбэт махуэм Iэнатlэ зэмылIэужьыгъуэхэм Iут щыIу куэд сабитхэм ятолажэ. Мы гъэмэ апхуэдэу ящIынущ. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Профсоюзхэм я Федерацэм, лэжьакIуэ гупхэм я жэрдэмкIэ, бадзэуэгъуэ мазэм и 19 махуэм «Сабиигъуэр дэIыгъын» республикэ щэбэт щIыхьэху ирагъэкIуэкI.

А Iуэхугъуэм и кьалэнхэмрэ зыхуэунэтIамрэ теухауэ дэ депсэльащ КъБР-м лэжьыгъэмрэ социальнэ зыужьыныгъэмкIэ и министр Тюбеев Альберт т.

- Гъэмахуэ зыгъэпсэхугъуэм и чэзу дыдэщ, щколым зыхуагъэхьэзыру щIадзэным иджыри зы мазэ нIэщ. Бадзэуэгъуэ мазэм щэбэт щIыхьэху егъэкIуэкIыныр сытым пыщIа?

- «Сабиигъуэр дэIыгъын и лъэныкъуэкIэ республикэпсо щэбэт щIыхьэху егъэкIуэкIыным и Iуэхуэкlэ» 2008 гъэм бадзэуэгъуэм и 15-м Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм кьищта Унафэм ипкъ иткIэ, хуэмыщIа, сабий куэд зиIэ унагъуэхэм ядэIэпыкъун мурадкIэ къызэрагъэпэщ нобэ екIуэкI щэбэт щIыхьэхур.

Дэ дызэреплъымкIэ, кьыптэщыт иужьрей гъэмахуэ мазэр зи чэзу дыдэщ сабий куэд зиIэ икIи хуэмыщIауэ псэу унагъуэхэм школым зыхуагъэхьэзырын и лъэныкъуэкIэ ядэIэпыкъуным уегупсысыну .

Щэбэт щIыхьэхур гъэхьэзырынымкIэ икIи егъэкIуэкIынымкIэ комитет къызэрагъэпэщащ. Абы и кьалэнщ а Iуэхур егъэкIуэкIыным министерствэхэр, ведомствэхэр, сыт хуэдэ мыпхъуми ирилажь предприятэхэмрэ организацэхэмрэ, зэфIэкIэ зиIэх эр кьыхипшэну.

Ильэс кIуам апхуэдэ щэбэт щIыхьэху щрагъэкIуэкIам сомелуани 8,5-м щIигъу зэхуэхьэсауэ икIи школым зыхуэгъэхьэзырынымкIэ сабий 8530-м ядэIэпыкъуауэ щытащ.

- Ильэс къэс ирагъэкIуэкI республикэ щэбэт щIыхьэхум хэтхэр нэхъыбэ хъуру, абы и фонщIэ кьыхэхуэр?

- Къэбгъэлъагъуэмэ, 2006 гъэм щэбэт щIыхьэхум предприятэу 1670-рэ, щIыхь 82882-рэ хэтащ, 2007 гъэм предприятэхэм я бжыгъэр 3889-м, щIыхьэхэм я бжыгъэр 85330-м нэсащ.

- Ахьшэ зэхуэхьэсар дауэ трагуашэрэ?

- Сабиигъуэр дэIыгъын и лъэныкъуэкIэ ирагъэкIуэкI республикэпсо щэбэт щIыхьэхум кьышIалэжь ахьшэр муниципалитэ районхэмрэ кьалэ округхэмрэ я бюджетхэм я зэхьуэхъуэ налогым кьыхэмыкI нэгъуэщI я зэхьуэхэр»; 80311705005000000180 «Муниципальнэ районхэм я бюджетхэм налогым кьыхэмыкI нэгъуэщI я зэхьуэхэр» 40101810100000010017 «Федеральнэ казначействэм и органх эм Урысей Федерацэм и бюджет системэ зэмылIэужьыгъуэхэм трагуашэ зэхьуэхэр», сабий зиIэ унагъуэ хуэмыщIахэм ядэIэпыкъун папщIэ.

НэгъуэщIу жыпIэмэ, щэбэт щIыхьэхум и фондым кьихьа ахьшэр республикэм и районхэмрэ кьалэхэмрэ я щIыпIэ администрацэхэм я счетым щызэхуэхьэс. А ахьшэр ятегушэныр ирегъэкIуэкI район, кьалэ администрацэхэм я лIыкIуэхэр, лэжьыгъэмрэ социальнэ зыужьныгъэмкIэ управленэм и лэжьакIуэхэр, егъэджэныгъэ Iуэхуэхмкlэ управленэу щIыпIэхэм щыIэхэм ягуроIуэрэ, итlанэ унэцIхэр зэрыт тхьылъыр комиссэм ират.

Ахьшэ бжыгъэр нэгъабэ нэхьрэ нэхъ мащIэ хъунукъым; КъБР-м и Правительствэм и унафэм ипкъ иткIэ, дэIэпыкъуэгъу хуэныкъуэ дэтхэнэ зи гугъэ ди гъэсэныгъэм мынэхь мащIэ лыысын хуейщ. Дауи, ар ахьшэшхуэкъым, ауэ а сом мин закьуэр щахуиныкIыу куэдрэ кьохьу зы хьэпIыпIуэр сабийм ыкьуаущэхун щкьэкIэ. Сыщогугъ а псапащIэ Iуэхум республикэм и щIыпIэ ди жыджэру хэтыну. Предприятэхэмрэ организацэхэмрэ я унафэщI псомэ зауэгъэзащ а Iуэхум жыджэру хэтынкэ у.

КъБР-м Лэжьыгъэмрэ социальнэ зыужьныгъэмкIэ и министерствэм и пресс-Iуэхущапlэ.

■ ЗэIущIэхэр ■ Жыжьэ - гъунэгъу ■ Спорт

КЪЭБЭРДЕЙ

■ Фэеплъ Щэбэт кьыдокIыгъуэ ■ Малъхъэдис



● Хъуэжъу

Уи гъуэгу кIыхь хъуну!

Хэкуl, къызэгъэпэщакIуэ Iэзэ, унафэщI жыжьэрыпIэ Хьурей Феликс Ахьмэд и къуэр бадзэуэгъуэм и 20-м ильэс 70 ирокIу.

УмыгъэщIагъуэнкIэ Iэмал иIэкъым а цыхуэгъэзджэм хуэзфIэкIыр. Ар ящыщщ хьщI гъэхуэм щегъэжьауэ Къэбэрдей-Балъкъэрым и зыужьныгъэм емызэщыжу телажьахэм. Ильэс куэдкIэ Хьурейр зи унафэщIу щыта «Къэббалъкъавтотранс» зэгухьныгъэр СССР-м щынэхьыфIу кьаIытыгъ. Абы и жэрдэмкIэ кьыхалъхьэ Iуэхущ1эм гъуэгу ягъуэтыгъ, ахэр щIыпIэ куэдым кьыщагъэсэбэпырт.

НэгъуэщIу жыпIэмэ, абы и гупсысэ узыншэмрэ и акьыл жанымрэ щIэмычуэ зыхуигъэзэжьари, ноби зытегъэпсыхьари зыужьныгъэмрэ ефIэкIуэныгъэмрэщ. ЩэныгъэлIыр, тхакIуэр, философыр, гупсысакIуэр, зыужьа гъащIэм кьаIэнышхуэ щигъэзэщIэн хуейуэ кьиригъэщIащи, ар гъуэгуанэ хуэзфIокI.

IэщагъэлIхэр гъэхьэзырыным, щIалэгъуалэр егъэджэным кьарущхуэ езыхьэлIэ щIыхуэ Хьурей Феликс. Ди гуапэу кьыхьыдогъэщ ильэпкъ щэнабзэм зегъэужьыным теухауэ абы куэд дыдэ зэрилэжьар.

Хьурей Феликс Ахьмэд и къуэм дохъуэхъу, зэрыжаIэщи, лIыпIэ зэрыувамкIэ икIи дяпэкIи Iуэху щхьэпэ Iэджэ зэрыгъэфIихьынур ди фIэщ жыпI.

Къэбэрдей Адыгэ Хасэ, «Адыгэ псалъэ» газет.



Автомобиль заводыщIэ

КЪЭРЭШЕЙ-ШЭРДЖЭС. ***«Дервейс» автомобиль заводыщIэ иджыблагъэ республикэм къыщыгъэIуахащ. Ящэ ильэсым абы машинэ мин 25-рэ 2009 гъэм щыгъэуэ - мин 50 щыгъэпкъраIуэхъэнущ.***

ГУФIЭГЪУЭ зэIущIэм хэта, республикэм и Президент Батдыев Мустафа кьыхигъэщащ «Дервейс» автомобиль заводыр иджыдэ зэманым къитIасэ Iуэхущ1аIэу зэрыщытыр, щыналъэм и щIыку мини 2-м Iэнатlэ зэрагъэтар, сом мелардитI хуэдиз щIыпIэ бюджетым ильэс къэс зэрыритынур.

Урысей Федерацэм и ХьуматIэ банкым и Кавказ Ищхьэрэ къудамэм и правлензм и унафэщI Гаврилов Виктор къызэхуэсахэм яжриIащ къэрал «Дервейс» автомобиль заводыр мыльку зэмылIу зэраухуар.

Фигу къэдгъэкIыжыщи, «Дервейс» компаниер 2003 гъэм къызэрагъэпэщащ Дерхэ Вячеславрэ Муратрэ.

Энергетикэм зыщIагъакIуэу

АБХЪАЗ. ***«Черноморэнергo» къэрал компанием и Сыхьум кьалэ электросетхэмкIэ и управленэмрэ абы и район къудамэхэмрэ иджыблагъэ ящIащ сом мелуани 100 и уасэ техникэрэ оборудованэрэ.***

ТЕХНИКЭ лIэужьыгъуэ 56-м щыщу 10-р «Черноморэнергo» къэрал компанием и мыльку кIэ, 46-р - Абхъазым и правительствэм и инвестицэ проектхэм ятIэ иткIа кьащэхуащ.

«Техникэщ1экIэ республикэм и энергетикэ Iэнатlэр кьэдгъэщIэрэщIэжыну Iэмал дгъуэтащ. Кьыхэдгъэщыщи, энергетикэм экономикэ мыхьэнэм и зыужьуныр, дэркIэ политикэ мыхьэнэ ин иIэщ. Абы зэрызиужьми ди къэкIуэнур куэдкIэ ефытащ», - яжриIащ энергетикэм президент Бэгъэпщ Сергей.

ХЬЭЩЫКЪУЕЙ Олег.

● Футбол

Фыдогъэблагъэ!

Урысей Федерацэм футболымкIэ и премьер-лигэ

«Спартак-Налшык» *(Налшык)* - «Крылья Советов» *(Самарэ)*

Налшык. «Спартак» стадион. Бадзэуэгъуэм и 19-м. Сыхьэт 19-м.

«Кърикlуэр наlуэу лэжьыгъэ пыуыкlахэр щегъэкlуэкlыпхъэ зэманщ»

(Кlэухыр. Пэщlэдзэр 1-нэ нап. итщ)

Къызэхуэсахэр яхуэщыгъуай бадзэуэгъуэм и 7-мрэ и 12-мрэ я къалэн ягъэзащlэу хэкlуэда милицэм и лэжьакlуитхум: Бахъсэн муниципалъэ районым и ОВД-м и ДПС-м и инспектор **Тхъэкlумащlэ Хьэсэн Хьэмдзиевич и къуэм**, милицэм и капитан **Аджий Адмир Толэ и къуэм**, Бахъсэн РОВД-м и пльыр-пост Iуэхущlапlэм и милиционер **Кьанло Хьусен Билал и къуэм**, милицэм и сержант нэхъыжь **Сарбашев Магомет Хьэсэн и къуэм**, милицэм и сержант нэхъыжь **Мэждыжьх Арсен Мухьэмэд и къуэм.**

Томчак Юрий и докладым зэпкърыхауэ къыщыгтеувыlащ КъБР-м законымрэ хабзэмрэ щыдзыгъыын я пльэныкъуэкlэ къэрал кlуэщ Iуэхуэхмкlэ органхэм зэфlагъэкlэм.

Министрым кьыззэрагъэпэгъащ, щlэпхъаджагъэу ятхар процент 23,7-кlэ, абы щыщу ящlэу щыху зыужкlахэр процентыр 7,7-кlэ, фэбжь хьэпъхэр - 12,5-кlэ, цыхуэм теуэныр - 30,9-кlэ, хъунщlэныр - 8,4-кlэ, нэгъэщlыным и мыпкъу къэдыгъуныр - 25,3-кlэ, транспорт къэдыгъуныр проценти 7,2-кlэ нэ хъ мащlэ хъуащ. Нэхъыбэ хъуащ итъыс блэкlахэм ягъэжьа щlэпхъаджагъэу сэтей къащlхэр. Экономикэм ехьэлIа щlэпхъаджагъэу 879-рэ къыщlагъэщащ. Щынагъуэншагъэр къыщыззрагъэпэщащ щыху куэд щызэхьыхьэ Iуэ хуГуэхуэзу 1895-м.

Томчак Ю.И. КъБР-м и Президентым, республикэм и Парламентым Правительствэмрэ фыщlэ яхуищlащ «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм хабзэр къыщыззэпсмыгъэу дыныжмкlэ 2008 - 2010 гъэхэм лэжьыпхъэхэр», «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм терроризмэмрэ экстремизмэмрэ щапэщlэтыныжмкlэ 2008 - 2010 гъэхэм лэжьыпхъэхэр», «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм коррупцэм щыпэщlэтыныжмкlэ 2008 - 2010 гъэхэм лэжьыпхъэхэр» республикэ программэ хэхаxэр зэрыпхагъэкlам папщlэ. Министрым кьыхичъащащ а программэхэр гъэззащlэным КъБР-м хабзэмрэ щынагъуэншагъэмрэ къыщыззэпэщыныр иригъэфlэкlуэну зэрыщыгугъыр.

Щынагъэ антитеррор комиссэм, терроризмэм ебэныныжмкlэ оперативнэ штабым, экономикэ, жылагъуэ щынагъуэншагъэмкlэ советым ящыlуэу терроризмэмрэ экстремизмэрэ я фlэлжьыгъэхэр ирагъэкlуэжкlащ. Хабзэншагъэкlэ Iэщынкlэ зыщlэхьыгъэ гупым хэтхэм я дзэпсыхьагъэу 8 яубыдащ, Iэщзу 199-рэ, абы щыщу автомати 6, кlэрахьуэ 9, гранатэдз, Iэщэ Iэмэпсымэ 14714-рэ, гранатэу 93-рэ, детонатор 63-рэ, кьагъауэ веществоу грамм 3975-рэ, кьагъауэ Iэрыщlэ Iэмэпсымэу 5, килограмм 28-рэ хьуэ кьыгтражащ.

Абы кьыдэкlуэу министрым щыжаща КъБР-м щытыкlэр иджыри щытхlыщlу. Кьэпльхъуэныгъэ зэрыщlэкlэр зэрырагъэкlуэкlам бгъэдыхьэкlэщlэхэр кьыхуэгъуэтын хуэещ.

КъБР-м и Президент Кьанокъуэ Арсен, республикэм щыlэ МВД-м и лэжьыгъэр, зэрыщыту кьапщтэмэ, зыкъомкlэ зэрыригъэфlэкlуэфар кьыхигъэщхьэхуэкlри, терроризмэмрэ экстремизмэмрэ я бий бэнэныгъэр гъэльэщыныр кьалэн нэжьыщхэ дыдэу кьыззэрильытэр жиlащ.

Республикэм и Iэтащхэм хабзэкъуэмэхэм яхунгъэващ КъБР-м и цыхухэм я сэбэн зыхъхьэхэр хьумэныжмкlэ, экстремизмэм, терроризмэм бзаджэкэр кьызэпыдыныжмкlэ лэжьыпхъэхэр зэхалъхьэну.

«Властым, бизнес структурэхэм, жылагъуэм я зэфlэкlхэр зэщlагъэуIуэу щlэпхъаджащlэкэмебгъэрыкlуэну и чэзу хьауш, - кьыхичъэщхьэкlащ Кьанокъуэ Арсен. - Абы и лъэныкъуэкlэ хабзэкlэ лъабжьэ гъэщlэн щыlэщ».

«Къару кьудейкlэ, - кьигъэльэгъащ КъБР-м и Президентым, - щlэпхъаджагъэхэр пхуэгъэкlуэдыныкъым - дэтхэнэми зыхищlэн хуейщ ди лъэпкъхэм я пкъкlуэнур зыхуэзгъэнумкlэ экуал зэрихьащ».

Терроризмэмрэ экстремизмэмрэ я бий бэнэныгъэм и идеологие лъабжьэм кьытеувыlащ Меркулов Александр: «Дэ щхьэтечу жьытIэн хуейщ: Iэщэ яыгъыу уэрамхэм кьыдыхьахэр ягъэжьакlуэ щlалэ щыкlуэркъым, атlэ Iей зигу илъ щlэпхъаджащlэхэрщ».

Апхуэдизу зэIущlэм хэтахэм Меркуловым гу лъаригъэтащ дин экстремизмэр кьызэпыдыныным, КъБР-м и еджапlэ нэхъыщхьэхэм щалъэгъуэлъэм гъэсэныгъэ lэжьыгъэ щадегъэкlуэкlыным, абы и лъэныкъуэкlэ дин Iуэхущlапlэхэм зэфlагъэкlэхэм зэрыщыгъуэзэжьмышlыр. Федеральнэ инспектор нэхъыщхьэм кьыхичъащащ Iэщзкlэ Iэщlэуэзда гупхэм я мыпкъу хабзэкlэ нэхъхутэн икlи кьызэпыдыдын зэрыхуейр. Абы кьыхичъхьащ зи кьалэн зыгъэзащlэу хэкlуэда хабзэкъуэмэ хэм я фэеплъ алее кьызэIуахыну, абыхэм я фэеплъ махуэ ягъэувыну.

Зэ Iущlэм и кlэм Томчак Юрий аргуэру кьыхичъащащ КъБР-м и цыхухэм я шынагъуэншагъэр кьызэгъэпэщынымкlэ къэралкlуэщ Iуэхуэхмкlэ органхэм я лэжьакlуэхэм я кьару псори зэрыраухьлIэнур.

Коллегием и зэIущlэр щиухым республикэм къэрал кlуэщ Iуэхуэхмкlэ и министру щыта генерал-лейтенант Щоджэн Хьэчим, МВД-м и къэрал кlуэщ дзэхэм илъэс 48-кlэ хэтар, пенсэм зэрыкlуэм теухуа дауэдапщхэр ирагъэкlуэкlащ.

«Щlэпхъаджагъэм и бий бэнэныгъэм гуащlэу уэхэту уэ куэд зэфlэбгъэкlащ КъБР-м зрабзэу щыкъэзыгъэнумрэ щыгъуэ. Си фlыщ мэхъу уэ уи лэжьакlэмрэ уи щапхъэмрэ иджыри республикэм куэдрэ къаззэрыхуэщхьэпэнур», - кьыхичъащащ КъБР-м и Президент Кьанокъуэ Арсен.

Щоджэн Хьэчим ирагащ КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ я Щыхь тхылъхэр. УФ-м къэрал инэмэ Iуэхуэмкlэ и министр армэм и генерал Нургалиев Рашид, КъБР-м щыlэ МВД-м и лэжьакlуэхэм кьабгъэдэкl саугъэт льапlэхэр.

Къэрал кlуэщ Iуэхуэхмкlэ министерствэу КъБР-м щыlэм и пресс-Iуэхущlапlэ.

ЩIэблэмрэ щIэныгъэмрэ

Iуащхьмахуэ льапэ щыгъэхтащ Урысей Ищпэ щыжьалъэм и щlэныгъэлlмкlэ щыжьалъэхэм я зlуущlэ. Абы хэтащ Москва, Санкт-Петербург кьалэхэм, Ставрополь, Краснодар, Волгоград, Астрахань щыжьалъэхэм, Кьалмыкъ, Къэбэрдей-Балъкъэр, Къэрэшей-Шэрджэс, Шэшэн, Адыгей, Дагъыстан, Ингуш, Осетие Ищхъэрэ-Адаиие республикэхэм кьыкlахэр.

ЗЭIУЩlЭР кьызэрагъэпэщащ Урысейм и щlэныгъэлlмкlэ щыжьалъэхэм я зэгухьэныгъэм и Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ кьудамэмрэ КъБР-м ЩIалэгъуалэ Iуэхуэхэмрэ жылагъуэ зэгухьэныгъэхэмкlэ и комитетымрэ. Урысейм и щlэныгъэлlмкlэ щыжьалъэхэм я союзым и унафэщlэ Щеглов Александр зэIущlэм хэтхэм захуигъэзащ УФ-м Федерацэмкlэ и Советым и Iэтащхэ Миронов Сергей кьахунтха псаныжьу гуапэхэмкlэ икlи фlыщlэ ин яхуищlащ щlэныгъэлlмкlэ щыжьалъэхэм я зэхьыхьэм республикэм и властым и органхэмрэ щыхубэмрэ гуфытэ ин зэрыхуащlамкlэ. «Дэ псори Урысейм дриблищ, - жиlащ абы, - икlи зэфlэкlыну диIэр етхьэлIапхъэмкlэ ди къэралыр ифlэ зыхэль дотхэнэ зы Iуэху щхьэпэмэ».

Урысейм и Президентым и лIыкlуэу ЮФО-м щыIэм и аппаратым и федерал инспектор нэхъыщхьэ Меркулов Александр зэIущlэм хэтахэм я пашхэ кьышеджащ УФ-м и Президентым и лIыкlуэу Урысей Ищпэ щыналъэм щыIэ Устинов Владимир кьызэрехьэхьэм. Меркуловым кьыхичъащащ Къэбэрдей-Балъкъэрым нобэ щекlуэкlэ зэIущlэм Урысейм щlэныгъэ лъабжьэ быдэр игъэтIылъынымкlэ, къэралым и щlалэгъуалэр зэрыубыдынымкlэ, зэдзлэжьэнымкlэ мыхьэнэ ин зэриIэр. ЗэIущlэм хэтахэм кьыхалъхьащ дызытехьэ 2009 гъэр щlалэгъуалэм и илъэсу яГъэувыну. КъБР-м щIалэгъуалэ Iуэхуэхэмрэ жылагъуэ зэгухьэныгъэхэмкlэ и комитетым и унафэщlэ Пащты Борис тепсэлъыхьащ IофIэ-м и щlалэгъуалэм щIэныгъэ куу ябгъэдэлъхьэныжмкlэ нобэ щыIэ Iэмалхэр кьызэрагъэсэбэп щlыкlэмрэ яIэ екъулIэныгъэхэмрэ.

ЗэIущlэм кьызэIуахыжащ щыхтепсэлъыхьащ щIэныгъэм, псэукIэм, экономикэм ехьэлIауэ щIэныгъэлlмкlэ щlэхэр зыгъэпIейтей Iуэхуэгъуэхэм. Мыпхуэдэ зэхьыхьэр илъэс хьэ ирагъэкlуэкlыным мыхьэнэшхуэ иIэу кьальытащ.

ЖАНХЭУЭТ Зуэр.

Урысеймрэ Европэмрэ я мэкъумэшыщlэ нэхъыфlэр хэту Белгород щыналъэм щекlуэкlа «Урысей губгъуэм и махуэ-2008» е 5-нэ дунейпсо выставкэм Къэбэрдей-Балъкъэрым щигъэлъэгъуащ нартыху гибрид лIужьыгъуэу 9, кlэртIофу 4, хьэнэпэщу 3, Iусыпхъэу кьагъэсэбэп удз лIужьыгъуэу 2.

ГЪЭЛЪЭГЪУЭНЫГЪЭМ ипкъ иткlэ, Урысейм мэкъумэш хозяйствэмкlэ и щlэныгъэ-кьэхутакlэ институтым зэрытхэм кьагъэкlа жылапхъэфlэкlуэр. Iуэхуэгъэкlащ. Абы лъэныкъуэщlлIкlэ хэта Урысей мэкъумэш академием мэкъумэш хозяйствэмкlэ и Къэбэрдей-Балъкъэр щIэныгъэ-къэхутакlэ институтым щыIэу медалу щыкъыхуагъэфэщащ.

Зэхьэзэхуэм щагъэлъэгъуащ «Кавказ-587» нартыху гибридыр, «Iуащхьмахуэ» кlэртIофу лIужьыгъуэр, «Чегет» хьэпщlийр.

Белгород здэщlыIэм, КъБР-м мэкъумэш хозяйствэмкlэ и Къэбэрдей-Балъкъэр щIэныгъэ-къэхутакlэ институтым Урысейм Европэмрэ я щIыналъэ зыбжанэм зэгурыIуэныгъэ ярищlылIащ, нартыхумрэ кlэртIофымкlэ зэщlыгъэныгъэ щхьэхуэхэр зэгъэсэу ирагъэкlуэкlыныжмкlэ.

Апхуэдизу абыхэм хурагъэщэнщу ди щIэныгъэлlхэм кьагъэкlа жылапхъэ нэхъыфlхэр.

ДЫГЪУЖЬКЪОЪУЭ Борис.

• Мэкъумэш

Дыщэ медалищ къахьащ

• Жыжьэ - гъунэгъу

Илъэс 47-м нэсауэ зэныбжьэгъущ Шытхьэлэ къуажэ щыщ тхьэмадэ Iумахуэ Къанокъуэ Баширэрэ еджагъошхуэ, КъБКУ-м и доцент Бгъэлыкlу Асэсэтэ Хьэзрэт 60 гъэхэм и пэщlэдзэм Шытхьэлэ щыщlалэгъуалэ щыпкъэхэр зэрощlэ, я Iэху епльыкlэхэмкlэ зэдогуашэ.

Япэ адыгэ военком Дыгъужь Къэралбий

Куэд щlащ абы лъандэрэ илъэс 40 дэкlыжащ. 1968 гъэм и гъэмахуэ ерт. Сэ а зэманым Бахьсэн кьыщыдэкl «Коммунист» газетым и редактор нэхъыщхьэм я пэщlэдзэу сыпажьэрт. Пщэдджыжьым жьыуэ военкомыр ди унэ нопсалъэ: «Псыхъабэ унэкlуэн?», - жери, Сэ ар. Дыгъужь Къэралбий, фlыуэ сцIыхуэр. Iуэху кьыхьэнщlкlэ кьызэрыпхуэмелнури гъуэгу уэзрытримышэнури занщlэу кьызгурыIуащ.

СЫХЬЭРТЭ ныкъуэрэ нэхъ дэмыкlыу Псыхуабэ дынэсащ, санаторэхэм ящыщ зыми декlуэлlащ. Къэралбий подполк онкив фащэр щыгът. Сыздишэри, сыщlишэри кьыхичъащ. Iуэхуэ дин Iуэхущlапlэхэм зэфlагъэкlэхэм зэрыщыкъуэзэжьмышlыр. Федерал инспектор нэхъыщхьэм кьыхичъащащ Iэщзкlэ Iэщlэуэзда гупхэм я мыпкъу хабзэкlэ нэхъхутэн икlи кьызэпыдыдын зэрыхуейр. Абы кьыхичъхьащ зи кьалэн зыгъэзащlэу хэкlуэда хабзэкъуэмэ хэм я фэеплъ алее кьызэIуахыну, абыхэм я фэеплъ махуэ ягъэувыну.

ЗэIущlэм и кlэм Томчак Юрий аргуэру кьыхичъащащ КъБР-м и цыхухэм я шынагъуэншагъэр кьызэгъэпэщынымкlэ къэралкlуэщ Iуэхуэхмкlэ органхэм я лэжьакlуэхэм я кьару псори зэрыраухьлIэнур.

Коллегием и зэIущlэр щиухым республикэм къэрал кlуэщ Iуэхуэхмкlэ и министру щыта генерал-лейтенант Щоджэн Хьэчим, МВД-м и къэрал кlуэщ дзэхэм илъэс 48-кlэ хэтар, пенсэм зэрыкlуэм теухуа дауэдапщхэр ирагъэкlуэкlащ.

«Щlэпхъаджагъэм и бий бэнэныгъэм гуащlэу уэхэту уэ куэд зэфlэбгъэкlащ КъБР-м зрабзэу щыкъэзыгъэнумрэ щыгъуэ. Си фlыщ мэхъу уэ уи лэжьакlэмрэ уи щапхъэмрэ иджыри республикэм куэдрэ къаззэрыхуэщхьэпэнур», - кьыхичъащащ КъБР-м и Президент Кьанокъуэ Арсен.

Щоджэн Хьэчим ирагащ КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ я Щыхь тхылъхэр. УФ-м къэрал инэмэ Iуэхуэмкlэ и министр армэм и генерал Нургалиев Рашид, КъБР-м щыlэ МВД-м и лэжьакlуэхэм кьабгъэдэкl саугъэт льапlэхэр.

Къэрал кlуэщ Iуэхуэхмкlэ министерствэу КъБР-м щыlэм и пресс-Iуэхущlапlэ.

• Фэеплъ

Дыгъужь Къэралбий

Мы зи гугъу сщlар сызыгетхьыхьаныу лIым кьыкlуэ гъуэгуанэм и зы пычыгъэ щыкlуэ. А гъуэгуанэр кlэщlэтхьым икlи Iуэхугъуэ гъэщlэгъуэнж эмкlэ гъэнщlат.

Дыгъужь Къэралбий 1922 гъэм Дзэпльыкъу куейм щыlэ Ашэбей (Малкъэ) кьуажэм кьыщалъхуащ. Школыр кьыззэрихуэу, Налшык дэт Мэкъумэш техникумым щlэсащ. Хьарзынэу еджэр т, етIуанэ курсми нэсат. Ауэ адыгэ щlалэщlэм и гур дэзм кьулыкъу щыщlэныр зуэпабгъэт. Абы зэхьех мыжьыкъэу зауэ-лъэсыдзэ еджапlэ кьыщыдэлъхьауэ икlи Мурад ещlа абы щlэтыс хьэну. И щlэныгъэкlи, и уэзыншагъэкlи, спорт Iуэхуэмкlи хьарзынэу кьикlыпт, ауэ и ныбжьым илъэс хуэныкъуэт. И тхылъкlэ щыlамэхым, училищем и унафэщlым и дежкlэ кlуащ.

Зэрыщlэтыхьхьэ экзаменхэр егъэт, аджкlэ дипломыр, жиlащ полковник Попов И. С.

Зэрыщlэтыхьхьэ экзаменхэр псоми ятекlуэу Къэралбий итащ. И еджкlэкlэ кьыхэжьныкъуэ Дыгъужьым 1941 гъэм уэлдмышэр екъулIэныгъэкlэ кьиухащ. Ар занщlэу ягъэкlуащ Ипщэ-Кьухьэпlэ фронтым. Илъэс пщыкlубгъу иримыкlуа офицер щlалэщlэм кьыщlэщlатыкlащ 299-нэ фочэу дивизэм хьыхь 960-нэ полкым и взводыр. 1941 гъэм бадзэуэгъэу мазэм Брянск и деж ар фронтым Iухьащ. А япэ махуэ дыдэми адыгэ щlалэр зауэ гуащlэм хэхуащ. Нэмыщlэ кхъухьлатэхэр ди зауэлIхэм хуабжьу кьатегуплIат. Къэралбийрэ и ныбжьэгъухэмрэ зэрыс щlыпIым ямыщlэ башэрэ еджагъошхуэ, Абджечэ куэд щыхэкlуэдащ, лейтенант щlалэр фэбжьыщхуэ хихауэ кьелащ. УЗрэщlым щlэпльрэ, тlэкlу нэхъыфlкъыззэрыхьэжьу. Ар кьыщыхьатащ Ленинград фронтым. Иджы лейтенант нэхъыжьым батальон кьыIущlалъхьэ.

1943 гъэм и щlышлIэрт. Щlымахуэр тфIифт. Ладогэ зэгуэлыр зэщlэщтхьат. Нэзие станцыр хуит кьыщlыкlыжу, Ленинград кьэзыхуэрихьа нэмыцэхэм ебгъэрыкlуэныжмкlэ ди дзэхэм Iэмал ягъуэтынут. Ауэ а станцыр тхьапэ 24-рэ. Абы щlэт ордену тIу, медалу 25-рэ. Дыгъужьыр иратхащ СКВО-м и Щlыхь тхылъым. Абы тIэунейр фlыщlэ кьыхуищlащ СКВО-м и командующэу щытта, армэм и генерал Плиев Иссэ, а округым нэхъ нужькlэ и унафэщlу лэжьа генералполковник Алтчев Александр, СССР-м и ДОСААФ-м и ЦК-м и Iэтащхэу щыта, Совет Союзым и ЛIыхъужь, флотым и адмирал Егоров Г. М.

1972 гъэм, и узынщагъэр зэрыщlэзмэмыхьм кьыхуэкlыу, Дыгъужьыр и кьулыкъуэм текlащ. Ауэ и Iэхэр зэтридзэу тIысыжакъым, нэгъуэщlу кьулыкъу зыбжанэ иригъэжьакlащ. Е.Iым нэхъыщхьэу кьиупльэту щытаращи, щlалэгъуалэм ядэлэжьжьэр зэи эпигъэуакъым. Къэралбий и гъащlэм зы Iуэхугъуэ гъэщlэгъуэн кьыщыхъуащ. 1978 гъэм мазаем и 12-м СССР-м зыхьумэжьныгъэмкlэ и министр Устинов Дмитрий и унафэкlэ абы полковник цIэр кьыфlищауэ щыта.

Унагъуэ зыхэпсэгъуи иIэт Къэралбий. И щхьэгъусэ Сэкинатрэ абыр я псэр зы чъмэ ильмэ хуэдэу зэдэпсэуэрт, я кьуэ Валерий щlалэр хьэлэмэтыщlа кьежьэкlат, щхьэгъусэ къишат, япхъу Людмилиу унагъуэфI ихуат. Къэралбийрэ Сэкинатрэ хуэдэу жьыщхьэ махуэ хьуа щыIуэ псоми кьащхьыкъут. Тыу я зэтету уиз дагъуи яухуат, зыгъэуэрами зэпэщ ящlат. Ауэ унагъуэм зыпэмыплъа гуауэ ин кьихьащ – я щlалэр закъуэ Валерий гъуэгум кьыщытехуа фэбжь бзаджэм ихьащ. Аптуэдэр Сэкинатрэ хуэдэу жьыщхьэ махуэ хьуа щыIуэ псоми кьащхьыкъут. Ти узынщагъэкlи олимпиадэм хэхьэщхьу ирихьэлIэмэ, и насыпыр кьикlащ.

ХЬЭЩIЫКЪУЭЙ Олег.

• Спорт

Махуэ Билал олимпиадэм кlуэну?

ПСЭУПIэ Федерацэм Спорт бзэкlэхэмкlэ и федерацэм (ФСБР) и гъэзащlакlуэ директор Брюсов Георгий иджыблагъэ журналистхэм зэрэкрилъамкlэ, щыщlэзIым и 2 - 17-хэм къэралым бзэкlэ хуитымкlэ и командэм тренерхэм зытрауухуауэ щыта Владивосток и пlакlэ Красноярск къалэм сбор щригъэкlуэкlынущ.

«БАДЗЭУЭГЪУЭМ и 15-м спорт федерацэм и зэIущlэ зэхэтащ. Ар теуухуауэ щыта щlэмэ Джигухэм кlуэн и пэ кьыхуэу командэм иригъэкlуэкlыну иужьрей зыгъэзэнгъэм. Абы хэтащ ФСБР-м и унафэщlэ Мамиашвили Михаил, вице-президент Вараев Алдан, командэм и тренер нэхъыщхьэ Тедеев Дзамбулат сымэ, нэгъуэщlхэри. Сборым ираджащ бзэкlэ 52-рэ.

Абы щыщу 7-р Пекин кlуэнущ, ауэ абыхэм я цIэр иджыри кьыжьакlакъым», - кьыхичъащащ Брюсов Георгий.

Урысей Федерацэм и командэм хэту зегъэхьэзащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и бзэкlэхэр, 2007 гъэм и дунейпсо чемпион Махуэ Билал. Ди щlалэр килограмм 120-м щыбанэхэм я деж езанэу щытщ. Билал кьыззэрыджиламкlэ, олимпиадэм ерыщу зыхуеГъэхьэзэн. Ауэ, ауэ абы кlуэнрэ мыкlуэнрэ кьыщищlэнур сбоурым и иужьрей махуэхэращ. «Командэм езанэу сыщытми, олимпиадэм сыкlуэу жаIэу интернетым щатхэмэ Iуэхуэ тепщlыкъэ хъунукъым. Унафэр къэзащlтэнур тренерхэращ, ауэ сэ сльэкl къэзмыгъанэу зыбзогъэхьэзащ, си узынщагъэр тэмэмащ», - кьыхичъащащ Махуэ Билал.

Фигу къэдгъэкlыжьынщи, 2008 гъэм Урысей Федерацэм и чемпионатым ди щlалэм япэ увыпIэр кьыщыхузхьакъым, ауэ абы щыхичъащlат олимпиадэм кlуэнымкlэ нэхъ лъэщ дыдэу кьыпэщlэта и нкьуэхьэкlуэ Курамагомед Арщхьэкlэ, Iуэхуэ абыкlэ зэфlэкlакъым, Билал къытекlуащ Дагъыстаным и бзэкlэ щlалэ Ахмедов Бахтиярэ. Иджы тренерэхэм къатощlыгъуэ щlалитIым Пекин кlуэну зыхуэфащэр кьыхахыну.

Командэм и тренер нэхъыщхьэ Тедеев Дзамбулат иужьрей зэманым ита интервьюхэм я тепщlыхьмэ, Махуэ Билал япэ иригъэщ икlи езанэу командэм щигъэуващ. Иджы псоми зэпытар ди щlалэрэ. Къарукlи узынщагъэкlи олимпиадэм хэхьэщхьу ирихьэлIэмэ, и насыпыр кьикlащ.

ПСЭУПIэ -коммуналнэ хозяйствэхэм зэхьэзыныныгъэхэр щегъэкlуэкlыныжмкlэ федеральнэ фондым Урысей Федерацэм и щlыналъэ зыбжанэм финансklэ ядэIэпыкlуэныр техуэуа уиафэ. Иджыблагъэ ящlащ абыхэм ята заявкэхэм ямкъ иткlэ.

КЪЭРАЛ корпорацэм и пресс-Iуэхущlапlэм кьызэритамкlэ, апхуэдэ гульытэ ягъуэтынущ Пензэ, Астрахань областхэм, Алтай краим, Карачаем, Бурятиеми, Къэбэрдей-Балъкъэрым.

КъБР-м и псэупIэ-комунальнэ хозяйствэхэр кьиуцIэрэ зэхьэзыныныгъэхэр щегъэкlуэкlыныжмкlэ федеральнэ фондым и пlакlэ Красноярск къалэм щыщlащ.

КъБР-м и псэупIэ-комунальнэ хозяйствэхэр кьиуцIэрэ зэхьэзыныныгъэхэр щегъэкlуэкlыныжмкlэ апхуэдизкlэ мыхьэ щыщlащ. Абы и фlыгъэкlэ щыхьэ мин 18,2-м я псэупIэхэр ирагъэфlэкlуэфынущ.

БЭТОКЪУЭ Албэч.

Дунейм и 4-нэ чемпионкэ Рубцовэ Ольгэ

СССР-у щытам и спорт щыхьэр льагъэу зыIэтахэм ящыщу дунейм шахматымкlэ и 4-нэ чемпионкэ Рубцовэ Ольгэ. Ар 1909 гъэм щыщlэхьэм и 20-м Москва кьыщалъхуащ. Пасэ ныдэ ар гугъу тщы джэгуIуэр зэрыщlащ. Ар абы я зэныщар Москва щыщlэрыIуэ у щыта шахматист, Алехиным и гъусэу зэпэуэхэм хэта Рубцов Николайщ (нужькlэ профессор, СССР-м и Къэрал саугъэтым и лауреат хуэт).



МИС АПХУЭДЭ унагъуэщ кьыщыхьуар совет шахматистхэ гъуэзэдж, Москва щlэнэ зэпэуэхэм куэдрэ бжьыпэр щызыубыда, СССР-м и спортым щыхь. Iэ зэ нас терыр. Рубцовэ куэд дыдэ щыху зэфlэкlащ дунейпсо зэхьэзэхуэхэм.

Псори кьыщежьар 1926 гъэм «Комсомольская правда» газетым кьызэригъэпэща ныбжьыщlэ зэхьэзэхуэхэрщ. Абыхэм щытекlуэ нужь зы ильэс дэкlри, СССР-м и цыхубзхэм шахматымкlэ я яIэ чемпионатыр Ольгэ кьихьэхуащ. Илъэс 40-кlэ (1927 - 1967 гъэхэм) СССР-м и чемпионату 20-м хэтащ: куэдрэ бжьыпэр щиубыдащ, ауэ зэи 4-нэ увыпIэм и кlэ къехакъым.

Рубцовэ и дзэ жжIэ льагаIэ нэхъ ин дыдэ у щытащ дунейм б жьыпэр щыубыдыныр техуауэу Быковэ Елизаветрэ Руденко Людмилэрэ я гъусэу ирагъэкlуэжа льэныкъуищ зэпэуэм зэрыщытекlуар. Абы хуэзэфlэкlащ а зэманым нэхъ льэщ дыдэу кьалъытэу щыта шахматистхэм яIэ ищlын.

1957 гъэм СССР-м и командэм и пашэу яIэ щыхуэз олимпиадэм хэтащ. Абы очко 14-м щыщу 9,5-рэ кьыхихащ.

Пэжщ, зы ильэс дэкlри, чемпионыгъэр фlэкlуэдащ: матч-реваншым абы кьыщытекlуащ Быковэ Елизаветэ.

Иужькlэ кlуэгъуэхэр пыслькlэ зэхуэтахъуэр зэдэджэгуныным техуауэ зэпэуэхэм жьыдэжру хэтащ. 1968 - 1972 гъэхэм а зэхьэзэхуэ лIэужьыгъуэмкlэ дунейм и яIэ чемпионкэ хъущ.

Шахматэ зэщlэжьхьаныгъэм зегъэужьащым и зэфlэжьыу хилъхьам папщlэ абы Лэжьыгъэм и Бэракъ Пльыжь орденыр иратауэ щытащ.

Ольгэ я и Iэщlагъэкlэ жыырым етэжь инженер т. Ауэ абы нэхъ гуфрыфыгъуэ дыдэу иIар ешым и бынитхъур. Ахэри кьигъэхьуащ шахматыр фы дыдэу я яльагъуэу, псом хуэ эмыдэу ипхъу нэхъыщlэ Ленэ. И ныбжьыр илъэс 14-м иту ар Москва кьыщlэхьэжьэм я деж чемпионкэ щыхьуащ щытащ.

Рубцовэ Ольгэ 1994 гъэм дыгъэгъаэзэм и 13-м дунейм ехьжащ.

1966 гъэм кьыщыщlэдзауэ ар къэрал куэд дыдэм щыгъэльэпIэ, зэхьэлIари Дунейпсо шахмат федерацэр (ФИДЕ) 1924 гъэм мы махуэм кьызэрызэгъэпэщащу. Шахматым хэлъхьэныгъэ ин хуищlащ щыхубзэм и зэхэщlыкlым зиужьнынымкlэ.

МЫ ДЖЭГУКlЭР кьыщежьажьауэ кьалъытэр Индиерщ. А щlыналъэм итхуанэ лIэщlыкlэ зэрыщlащ щыщlэрыIуэу щытащ чатурангэ джэгуIэр, абы кьытехуькlагъэнущ шахматыр. Пэжщ, ижь зэманым шахматыр хьэрыпхъэ я дежкlэ кьыщежьауэ жызыIэ хэри щlыщlащ. Ауэ абы мы зэманым зы мыхьэнэ гуэри иIэжьыкъым - нэхъыщхьэ шахматыр ди гъащlэм быдэу кьызэрыхьхьарщ.

